

Benefis Aletman Pou Pitit Ou





Benefis:

- Lét manman se lét ki pafé pou ti bebe a, li gen tout eleman nitritif ak tanperati pi bon pou ti bebe.
- Lét manman pi fasil pou timoun bwe e fe bon digesyon.
- Li pli ijyenik, pi pratik, ekolojik ak gratis.
- Le ou chwazi bay tete, li sevi kom yon pwoteksyon pou maladi, pa egzamp: Enfeksyon (nan poumon, nan vant), maladi nan po, opresyon nan poumon e lot toujou.
- Mwens kansè nan tete ak ové nan manman.
- Timoun nan gen pi bon devlopman ak plis entelijans.

Pou fe yon bon eksperyans nan bay tete:

- Ou dwe komanse nan premye lé apre akouchman. Depi ou fin benyen, bay tete!
- Bay tete selman!
- Pou gen plis lét nan tete ou, bay timoun nan tete!! **Plis ou bay, plis ou genyen!**
- Pa itilize bibon nan primye mwa yo.
- Ti bebe a pa bezwen dlo ni lot manje. Lét tete w gen tout bagay ke li bezwen.

“

OMS di: Bay tete selman (san manje, ni dlo, ni ji) jiska 6 mwa. Apre 6 mwa kontinye bay tete plis lot manje

”



Konpozisyon lèt tete:

- 1 Nan premye jou apre akouchman, lèt la gen yon koulé jòn, li rele kolostrom. Li genyen ladan li imunoglobulin ak antikò, pwoteyin, vitamin ak mineral ki pwoteje ti bebe a nan diferan maladi ak enfeksyon.
 - * Kolostrum se premye vaksen timoun nan pral jwen, men li natirell!
- 2 Apre timoun nan fin pran tout kolostrom, pral genyen lot let, epi apre se let nomal ki pral vini.
- 3 Denye lèt la genyen:
 - Komanse » Plis sik ak dlo.
 - Fini » Plis grés. Li ede ti bebe genyen pwa.
 - * Primye let sa yo telman enpotan pou sante pitit ou! Chwazi bay li pi bon bagay!



www.lecheparahaiti.cl

Benefis Aletman Pou Pitit Ou